

KANFR

KANFR KA GWO DANJE POU PITIT OU !

Ki sa kanfr ye ?



Kanfr se yon melanj fèy ak ekòs (po pyebwa) ak terebantin. W ap jwenn achte li sou fòm luil, krèm oubyen mòso solid. An jeneral moun sèvi ak li pou remèd, ki vann san preskripsyon, pou tous ak grip. Depi nan lane 1983, Administrasyon ameriken pou manje ak medikaman (FDA) entèdi vant pwodui ki gen pi plis pase 11% kanfr – men anpil nan pwodui sa yo ap vann toujou. Metòd jeneral moun sèvi ak kanfr nan kay se

fwotman sou po epi nan moso twal pou respire vapè kanfr lan. Ou ka lage l toupato pou touye ti bèt.

Ki jan pitit mwen ka pran kontak ak kanfr ?

Timoun ka malad anpil si yo manje epi si yo bwè bagay ki gen kanfr oubyen si gen gwo kantite kanfr ki rantr sou po timoun lan. Menm si yon timoun krache jete kanfr ki nan bouch li, ti kantite kanfr ki nan bouch la ka yon danje pou timoun lan. Metòd timoun pi plis pran kontak ak kanfr se lè timoun lan, pa erè, resevwa luil kanfr pou l bwè olye pou bay li lòt medikaman tankou luil risen. Jèn timoun gen pi gwo chans pou yo gen gwo pwoblèm medikal, men sa pa vle di moun nan nenpòt la ka pwazonnen tou.

Kontak ak gwo kantite kanfr ka lakòz doulè vant, kè plen, vomisman, move tanperaman, kriz epileptik, pèdi konesans epi ka menm touye.



Ki sa mwen ka fè pou m pwoteje pitit mwen kont kanfr ?

Timoun ka malad anpil si yo mete kanfr nan bouch yo, vale li, oubyen pran kontak ak gwo kantite vapè li.

Men ki sa pou fè pou anpeche pwoblèm ak kanfr :

- ◆ Mete tout bagay ki gen kanfr kote timoun pa p jwenn li epi pa janm mete kanfr nan bouch okenn moun.
- ◆ Pinga sèvi ak yon bagay ki pa gen etikèt sou li ki eksplike tout engredyen, non fabrik la ak ki jan pou sèvi ak li – pwodui sa yo pa legal e yo danjre – sèlman sèvi ak pwodui FDA aksepte.
- ◆ Suiv tout endikasyon ki make sou etikèt la lè w ap itilize bagay ki gen kanfr landan li epi pale ak yon doktè anvan ou sèvi ak yo sou jèn timoun.
- ◆ Pinga chofe, mete nan aparèy pou imidifye bagay ki gen kanfr epi pinga lage yo pou touye ti bèt.

Ki sa pou m fè si pitit mwen ta pwazonnen ?

Si w kwè pitit ou pwazonnen, rele Poison Control (kontwòl pwazon) tousuit nan 1-800-222-1222.

Si w gen kesyon sou kanfr oubyen sou yon pwodui espesyal, tanpri se pou w pale ak yon doktè oubyen rele Boston Public Health Commission (komisyon sante piblik nan Boston) nan (617) 534-5966.

Tanpri rele pwogram sou danje pou
anviwònman an pou w jwenn plis enfòmasyon
617-534-5966



Boston Public Health Commission
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
Barbara Ferrer, direktis egzekitif
Thomas M. Menino, majistra